



FOUNDATION FOR  
ADVANCING ALCOHOL  
RESPONSIBILITY

Ou kapab jwenn tout materyèl yo nan sitwèb : [www.asklistenlearn.org/haiti](http://www.asklistenlearn.org/haiti)

W ap jwenn tout materyèl ak fèy travay w ap bezwen yo nan **Pake Materyèl** la. Pake sa a gen ladan l yon apèsi sou pwogram nan, enstriksyon pou pwofesè yo, sijè pou diskisyon, aktivite ki sijere, lekti ak fèy travay yo. Anba a, w ap jwenn yon kalandriye k ap ba w machaswiv pake materyèl la epi kap sijere orè ak tan pou chak leson/ fèy travay. **Tanpri sonje kalandriye a se yon sijesyon li ye. Aktivite yo ki liste anba yo ak egzèsis nan salklas ki ladan li yo se gid yo ye tou senpleman. Se ou ki konnen salklas ou pi byen! Tanpri chanje plan ou yo dapre jan w bezwen & pataje sa ki mache pou elèv OU yo!**

### KALANDRIYE KI SIJERE:

#### **Semenn 1: Entwodiksyon, Evalyasyon Avan Elèv, epi Lekti ak Aktivite sou Pwoteje Kò W**

- Avan w kòmanse, eksplike elèv yo kisa yo pral aprann nan kèk semenn pwochen yo epi pou kisa li enpòtan.
- Distribiye Avan-Evalyasyon Elèv la epi fè tout elèv yo konplete li. Lè yo fini:

Ranmase yo epi poste yo bay:

Helen Gaynor  
2345 Crystal Drive, Suite 710  
Arlington, VA, 22202, USA

Kont Nimewo FedEx: 868379723

- W ap jwenn **Enstriksyon Pou Pwofesè yo** nan paj 2 nan **Pake Materyèl** la. Tanpri li yo avèk anpil atansyon, paske yo ap ede w nan semenn k ap vini yo. Ou kapab toujou fè referans ak enstriksyon sa yo, ki dekri chak aktivite ak fèy travay.
- Distribiye paj lekti "**Pwoteje Kò W**" (Paj 3 nan pake materyèl la). Swiv enstriksyon pou pwofesè yo pou sijè diskisyon yo.
  - Fè elèv yo mete yo an gwoup epi bay chak gwoup yon seksyon nan pasaj la:
    - Pwoteje sèvo w
    - Pwoteje kè w
    - Pwoteje fwa w
    - Pwoteje vant ou
    - Pwoteje sistèm iminitè w
  - Remete klas la ansanm epi mande chak gwoup pou prezante kòman alkòl afekte pati nan kò a yo te bay yo pou yo li a.
- Pou fini, mande elèv yo pou yo ekri twa bagay yo te aprann, de kesyon yo te genyen, epi yon bagay yo kirye pou yo ta aprann.

## **Semenn 2: Aktivite Lekti Sèvo ki Ale ak Aktivite Jwèt Mo Kwaze**

- **Enstriksyon pou pwofesè yo** nan paj 2 nan **Pake Materyèl la**. Tanpri li yo avèk anpil atansyon, paske yo ap ede w nan semenn k ap vini yo. Ou kapab toujou fè referans ak enstriksyon sa yo, ki dekri chak aktivite ak fèy travay.
- Distribiye pasaj sou **“Sèvo Ki Ale”** (Paj 4 nan Pake Materyèl la). Swiv enstriksyon pou pwofesè yo pou sijè diskisyon yo.
  - Aktivite Jwèt Mo Kwaze
    - Fè elèv yo mete yo an gwoup epi bay chak gwoup yon seksyon nan pasaj la, menm jan ou te fè nan Aktivite anvan an “Pwoteje Kò w”.
      - Mande elèv yo pou pran nòt sou yon òganizatè grafik (yon bwat pou chak seksyon) kòm chak gwoup ap prezante enfòmasyon an pou seksyon yo te ba yo pou yo fè a. Apresa pale sou sa yo te aprann an gwoup, konsa ou kapab pale de tout enfòmasyon ki te ka pat adrese.

## **Semenn 3: Devlopman Fizik (Fèy Travay 3 nan Pake Materyèl)**

- **Li epi swiv enstriksyon yo pou “Devlopman Fizik ” nan enstriksyon pou pwofesè yo.**
- **Fèy Travay: Devlopman Fizik**
  - Entwodui fèy travay pou eksplike pou kisa chak pati nan kò a ki nan fèy travay la enpòtan pou devlopman sèvo ak kò yo. Ou kapab fè referans ak pasaj avèk travay elèv yo te fè nan dènye de semenn ki sot pase a.
  - Distribiye fèy travay bay elèv yo epi fè elèv yo travay pa de pou ranpli yo. Apre lè yon elèv jwenn yon mo, li ta dwe kanpe epi pou montre kote li ye nan pwòp kò li. Egzèsis entè-aktif sa ap ede yo idantifye kote chak pati nan kò a ye.
  - Gwoupe yo sou yon tablo tout mo elèv yo jwenn nan fèy travay la ki kapab ajoute nan lòt aktivite yo alavni.
  - Fè elèv yo sèvi avèk de nan mo yo pou yo ekri yon fraz.
- **Aktivite nan Salklas**
  - Fè elèv yo kreye paj yo pou fè yon liv ki gen lèt ak foto sou diferan pati nan kò a epi kòman pou yo kenbe yo an sante (separe klas la yon fason chak elèv oswa gwoup elèv genyen youn oswa de paj ki kapab konbine nan yon liv).

## **Semenn 4: Presyon Kamarad klas 101 (Fèy Travay 1 nan Pake Materyèl)**

- **Li epi swiv enstriksyon yo pou “Presyon Kamarad klas 101” nan enstriksyon pou pwofesè yo.**
- Kòmanse klas la avèk diskisyon konsènan presyon kamarad klas. Mande elèv yo kijan de presyon yo genyen chak jou epi kisa yo konnen konsènan presyon kamarad klas.
- Pran konvèsasyon avèk elèv yo sou enpotans ki genyen pou yo kenbe objektif alontèm yo nan tèt yo, epi kòman lè yo bwè alkòl pandan yo jèn kapab detounen objektif sa yo.
- **Fèy Travay: Presyon Kamarad klas 101**
  - Distribiye Fèy Travay Presyon Kamarad klas 101 la

- Apre elèv yo fini, mande pou volontè yo pataje repons yo te kreye.
- Apre elèv yo fin pataje repons yo, divize yo an gwoup pou jwe yon aktivite wòl kote yo ka sèvi avèk repons kreyatif yo. Chak gwoup kapab prezante nan klas la.

### **Semenn 5: TOUT Ansanm Kounye a! (Fèy Travay 2 nan Pake Materyèl)**

- **Li epi swiv enstriksyon yo pou “TOUT Ansanm Kounye a!” nan enstriksyon pou pwofesè yo.**
  - **Swiv sijè diskisyon yo pou kòmanse klas la.**
- Pran konvèsasyon avèk elèv yo sou enpotans ki genyen pou yo kenbe objektif alontèm yo nan tèt, epi kòman lè yo bwè alkòl pandan yo jèn kapab detounen objektif sa yo.
- **Fèy Travay: TOUT Ansanm Kounye a!**
  - Distribiye Fèy Travay epi fè chak elèv ranpli li pou kont li. Revize repons yo an gwoup.
  - Fè elèv yo ekri yon pwomès: yo ap poze kesyon epi yap pataje sa kap pase nan lavi yo avèk yon adilt yo fè konfyans. Yo kapab ekri non yo, dat la epi yon liy kote adilt la kapab siyen.

### **Semenn 6: Jwen chemen w atravè Konfizyon (Fèy Travay 4)**

- **Li epi swiv enstriksyon yo pou “Jwen chemen w atravè Konfizyon!” nan enstriksyon pou pwofesè yo.**
  - **Swiv sijè diskisyon yo pou kòmanse klas la.**
- Fè yon gwoup diskisyon sou kòman pou simonte obstak epi lè yap fè fas ak desizyon difisil pi devan. Asire w pou angaje tout klas la epi fè yo pale piblikman osijè obstak yo rankontre, epi objektif yo vle etabli.
- **Fèy Travay: Konfizyon**
  - Distribiye Fèy Travay epi fè chak elèv ranpli li pou kont li.
  - Remete klas la ansanm epi kesyone yo sou "obstak yo" nan bwouyaj la:
    - “Pa bwè ”
    - “Alkòl afekte sèvo w”
    - “Alkòl se yon enpas ki pa gen soti ”
    - “Alkòl detwi memwa”
  - Eksplike kòman alkòl kapab yon "obstak" pou objektif yo
- **Aktivite nan Salklas:** Fè elèv yo ekri 5 objektif yo genyen pou ane pwochèn. Fè yo reflechi sou kijan alkòl ta kapab redui chans yo pou reyalize objektif yo. Ankouraje elèv yo pou yo pataje refleksyon yo le yo fini.
- Pran sa w aprann nan sesyon sa yo, epi chèche konnen kòman ou kapab ekipe yo avèk zouti pou yo reyisi.

### **Semenn 7: Pou vin yon Moun kap pran Bon Desizyon**

- **Objektif:** Aktivite sa yo fè elèv yo reflechi sou desizyon yo ap pran epi fè yo devlope yon konpreyansyon pi pwofon sou kòman desizyon yo afekte rezilta
- **Diskisyon:** Fè elèv yo pale sou lòt desizyon yo te pran ki te pwodui move rezilta, oswa bon rezilta! Ou kapab menm relye egzèsis kòz/efè sa a pou etabli objektif, pandan w ap eksplike kòman bon desizyon kapab mennen nan chemen pou reyalize objektif ou yo epi pou kòman move desizyon kapab diminye chans pou ou reyalize objektif ou yo.
  - Li enpòtan pou elèv ou yo diskite antre yo menm sou kòman pou yo detekte yon move desizyon. Diskite kòman pou yo evite pran move desizyon tankou lè yo ap bwè alkòl nan laj minè epi pou reflechi sou kòz ak efè oswa konsekans yo. Kòman chwa pou rete ansante tankou lè w fè egzèsis kapab bay avantaj kap dire lontan, men, lè w bwè alkòl li kapab genyen efè negatif tout suit epi kap dire lontan nan yon devlopman kò, lespri epi menm nan relasyon w ak lòt moun.

### **Semenn 8: Diskisyon Final nan Klas ak Sondaj Apre-Evalyasyon Elèv yo**

- Nan kòmansman pwogram nan, elèv yo te aprann sou kijan alkòl afekte sèvo avèk kò a. Pandan nap pran tan pou aprann kòman alkòl kapab afekte pati nan kò a, li mennen yon diskisyon sou ki danje alkòl kapab genyen sou tout kò a anjeneral. Pran opòtinite sa a pou pèmèt timoun ou yo chache lòt fonksyon mo sa yo epi pou diskite ki mwayen pou yo rete an sante.
- **Diskisyon Nan Salklas:** Panse a yon fwa kote yon zanmi te mande w pou fè yon bagay kote ou pat konfòtab pou w te fè. Kisa w te fè? Pale de sa avèk patnè w oswa ekri sa sou papye ou la. Yon lòt opsyon pou pale kote li pat toujou fasil pou reziste a zanmi espesyalman lè yo te vle pou ou fè bagay ou konnen ki pa bon. Kisa w fè lè sa te pase? Èske w gen kèk bagay ou di yo. Ekri sou papye ou la yon lis kèk fraz ou ta kapab sèvi alavni.
- Mete klas la ansanm. Fè chak moun ekri de bagay yo te aprann pandan pwogram nan, epi yon bagay yo ta renmen aprann plis sou li.
- Anfen, distribiye sondaj apre-evalyasyon an bay elèv yo. Yon fwa yo fin ranpli li, ranmase sondaj yo. Tanpri voye yo bay:

Helen Gaynor  
2345 Crystal Drive, Suite 710  
Arlington, VA 22202, USA

Nimewo Kont FedEx: 868379723

Si w genyen nenpòt kesyon konsènan dire pwogram nan, tanpri pa ezite kontakte Helen Gaynor oswa Leticia Barr:

Helen Gaynor, Chèf, Edikasyon ak Sansibilasyon nan sitwèb Responsibility.org

+1 (571)-243-6193

[Helen.Gaynor@responsibility.org](mailto:Helen.Gaynor@responsibility.org)